



Cheryl Lawrence, MD, FAAP
Direktè Medikal

Biwo Sante Lekòl
42-09 28th St.
Queens, NY 11101-4132

Jiyè 2019

Chè paran/gadyen,

Vil New York te fè mizajou nan egzijans vaksinasyon pou lekòl yo pou ane lekòl 2019-2020 an. Gen ansanm ak lèt sa a yon lis nouvo egzijans vaksinasyon pou lekòl yo pou 2019-2020. Anvan ane lekòl la kòmanse, ou dwe soumèt prèv vaksinasyon pou timoun ou yo si yo prale nan gadri oswa nan lekòl.

Tout elèv ki nan gadri jiska klas 12yèm ane dwe satisfè egzijans yo pou:

- Vaksen DTaP (difteri-tetanòs-koklich), viris polyo, MMR (lawoujòl-malmouton-ribeyòl), varisèl ak epatit B.

Timoun ki poko gen laj 5 lane ki enskri nan gadri ak Pre-kindergarten (pre-K) dwe satisfè egzijans yo tou pou:

- Vaksen Hib (*Haemophilus influenza* tip b) ak PCV (konjige nemokòk).
- Vaksen kont influenza (grip)
 - Timoun yo dwe resevwa vaksen kont grip 31 desanm 2019 pou pi ta (depreferans, lè vaksen an vin disponib nan kòmansman otòn).

Timoun ki nan klas 6yèm jiska 12yèm ane dwe satisfè egzijans yo tou pou:

- Vaksen rapèl Tdap ak MenACWY (menengokòk konjige).

Tanpri tcheke istwa vaksinasyon timoun ou an avèk founisè swen sante timoun ou an. Founisè swen sante li ka fè ou konnen si gen dòz anplis ki obligatwa pou youn oswa pou plizyè vaksen pou timoun ou an ale nan gadri oswa nan lekòl ane sa a.

Si ou gen kesyon sou egzijans sa yo, tanpri kontakte sant gadri ou oswa biwo administrasyon lekòl la.

Ak tout kè mwen,

Cheryl Lawrence, MD, FAAP
Direktè Medikal
Biwo Sante Lekòl

Èske Timoun ou an Pare pou Gadri oswa Lekòl?

Ane Lekòl 2019-2020

Jwenn enfòmasyon sou vaksen ki obligatwa yo nan Vil New York

Tout elèv nan Vil New York ki gen laj 2 mwa rive 18 lane dwe pran vaksen annapre la yo pou yo ale nan gadri oswa lekòl. Gade ki vaksen timoun ou an bezwen selon nivo klas li pou ane lekòl sa a.

VAKSINASYON	Pre-kindergarten (Gadri, Head Start, Pouponyè, Kindergarten pou timoun 3zan oswa Pre-k)	Kindergarten – Klas 5yèm Ane	Klas 6yèm – 11yèm Ane	Klas 12yèm Ane
Difteri, tetanòs ak koklich (DTaP)	4 dòz	5 dòz oswa 4 dòz SÈLMAN si li te resevwa katriyèm dòz la nan laj 4 lane oswa pi gran oswa 3 dòz SÈLMAN si timoun nan gen laj 7 lane oswa li pi gran epi seri a te kòmanse nan laj 1 lane oswa pi gran	3 dòz	
Rapèl tetanòs, difteri ak koklich (Tdap)			1 dòz (nan laj 11 zan oswa apre)	
Polyo (IPV/OPV)	3 dòz	4 dòz oswa 3 dòz si li te resevwa twazyèm dòz la nan laj 4 lane oswa pi gran	4 dòz oswa 3 dòz SÈLMAN si li te resevwa twazyèm dòz la nan laj 4 lane oswa pi gran	3 dòz
Lawoujòl, malmouton ak ribeyòl (MMR)	1 dòz	2 dòz		
Epatit B	3 dòz	3 dòz	3 dòz oswa 2 dòz vaksen nan adilt kont Epatit B (Recombivax HB) si li te resevwa dòz yo ak entèval 4 mwa omwen ant laj 11 ak 15 lane	
Varisèl (saranpyon)	1 dòz	2 dòz		1 dòz
Konjige kont menengokòk (MenACWY)			Klas 7yèm, 8yèm, 9yèm ak 10yèm Ane: 1 dòz	2 dòz oswa 1 dòz SÈLMAN si li te resevwa premye dòz la nan laj 16 lane oswa pi gran
Haemophilus Influenzae tip B konjige (Hib)	1 jiska 4 dòz Depann de laj timoun nan ak dòz yo li te resevwa deja			
Konjige kont nemokòk (PCV)	1 jiska 4 dòz Depann de laj timoun nan ak dòz yo li te resevwa deja			
Influenza	1 dòz			

Kantite dòz vaksen timoun ou an bezwen gendwa diferan dapre laj li ak dòz vaksen li te resevwa avan yo. Timoun ou an gendwa bezwen lòt vaksen oswa dòz vaksen anplis si li gen sèten pwoblèm sante. Pale ak doktè ou si ou gen kesyon. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele 311 oswa ale sou sitwèb nyc.gov/health epi chèche “student vaccines” (vaksen elèv).